# ГЬУДУЛЛЪИ
ДРУЖБА

druzhba555@mail.ru
druzhbabotlih.ru

№ 45 (10296) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2022 сон. 10 июнь /Рузман


## ГIадатлъун лъугьараб тадбир



Нилъер районалда лъикIаб гIадатлъун лъугьун буго Кьохъ посталда хъулухъ гьабулел сводныяб отрядалъул сотрудникал нухар регIи.

Иргадулаб нухалъ Марий Эл Республикаялъул МВДялъул сводныяб отряд нухаб регIиялъул тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель ГIабдулдибир ГIабдулдибировас, Болъихъ ОМВДялъул начальник МухIамад МухIамадовас, Кьохъ росдал бетIер МухIамадсагIид Ибрагьимовас, МФЦялъул директор МухIамадкамил ХIажиевас.

ГIабдулдибир ГIабдулдибировас районалъул нухмалъулезул ва халкъалъул рахъалдаса баркала кьуна Кьохъ посталда анлъго моцIалъ хъулухъ гьабурал полициялъул хIалтIухъабазе ракIбацIцIадго гьабураб хъулухъалъухъ, гьарана гьезие хадубккунги икъбал гьезул бигьаяб гуреб хIалтIулъ.

-Кьохъ посталда хъулухъ гьабулебгIан заманаялъ сводныяб отрядалъул хIалтIухъабаз кIудияб хIалтIи гьабуна нилъер районалда гIадлу-низам цIуниялъе ва хIинкъигьечIеб хIал букIинабиялъе. Гьеб хIалтIиги гьез гьабуна, хъулухъалъулал тIалабазда рекъон, районалъул администрациягун ва гIадлу-низам цIуниялъулал идарабигун цадахъ рекъон,-янги абуна гьес.

Гьединго баркала загьир гьабун кIалъана МухIамад МухIамадов, МухIамадкамил ХIажиев ва МухIамадсагIид Ибрагьимов.

Гьелдаса хадуб, жидеда тIадаб налъи ракIбацIцIадго тIубазабурал гьеб отрядалъул сотрудниказе кьуна райадминистрациялъул, Болъихъ бугеб ОМВДялъул ва Кьохъ администрациялъул рахъалдаса ХIурматалъул грамотаби, баркалаялъулал кагътал.

КППялъул начальник полициялъул майор Ильгиз Галлямовас жиндирго ва отрядалъул киналго хIалтIухъабазул рахъалдаса кIудияб баркала кьуна райадминистрациялъул ва цогидал идарабазул хIалтIухъабазе жидее гьабураб кумекалъухъги, рахъкквеялъухъги ва адаб-хIурматалъухъги.

**С. Сайпуева.**



## Лъай-хъвай гьабуна цIияб тIехьалъулгун

Диниял церехъабиги, хIукуматалъул хъулухъазда рукIарал чагIиги, жиндир баракат нилъее камугеяв СултIанмухIаммадхIажиде тIаде-гъоркье хъвадулел рукIарал, гьесулгун лъай-хъвай букIарал гIадамалги, Кьохъ росдал жамагIаталъул вакилзабиги гIахьаллъараб дандельи тIобитIана гьал къояз МахIачхъалаялда.

Гьеб тадбиралда гIахьаллъаразул лъай-хъвай гьабуна ХирамухIамад ХирамухIамадовас данде гьабураб «Кьохъа СултIанмухIаммадхIажи» абураб тIехьалъулгун ва, гьев гIелмуялда гIамал рекъарав гIалимчиясул хIакъалъулъ бахъараб документалияб фильмалъулгун.

ЖиндирготIехьалдавафильмалда авторас данде гьаруна мунагьал чураяв СултIанмухIаммадхIажил хIакъалъулъ гьесул росуцоязул, мутагIилзабазул, гIагарлъиялъул, машгьурал гIалимзабазул ракIалдещвеялги пикрабиги.

ХирамухIамадгун цадахъ гьеб тIехь бахъиялъулъги, фильм бахъиялъулъги ,гьеб тадбир тIобитIиялъулъги хIаракатаб гIахьаллъи гьабуна райсобраниялъул депутат ГIалиасхIаб МухIамадовасги.

Дандельараз гIемер бицана СултIанмухIаммадхIажил букIараб гIамал-хасияталъул, хъвада-чIвадиялъул, гIелмуялдехун гьев мунагьал чураясул букIараб гIишкъуялъул. Киназго дугIаги гьабуна гьев СултIанмухIаммадхIажил баркат камун нилъги, хадур ругел наслабиги Аллагьас тогегиян. ХирамухIамадие баркалаги кьуна гьес гьабураб хIалтIухъ.

ГIалиасхIаб МухIамадовасги Кьохъ росдал жамагIаталъулги гIадамазулги рахъалдаса баркала кьуна дандельарал киназегоги, ХирамухIамадиеги квал кьан, кьо хIехьон, микьгониги моцIалъ тIад хIалтIиги гьабун гьеб фильмги тIехьги биччаялъул иш рагIалде бахъиялъухъ.

-Дие бокьун буго ракI-ракIалъ баркала загьир гьабизе дие кумек гьабурав, хIал бикьаравщинав чиясе. Аллагь разилъаги дун гIадин нужедаса.

Нужер кумекги рахъкквейги букIинчIебани, гьаб хIалтIи дихъан лъугьинароан букIараб,-ян абуна тадбиралъул ахиралда ХирамухIамадицаги.



# Наши дети и интернет

Родитель, помни, что несовершеннолетние наиболее подвержены опасностям в сети Интернет, а родители несут ответственность за своих детей.

**ЧЕМ ОПАСЕН ИНТЕРНЕТ ДЛЯ ДЕТЕЙ?**

В интернете можно найти информацию и иллюстрации практически на любую тему. Необходимо обеспечить защиту детей от контактов в интернете с нежелательными людьми, от знакомства с материалами недетской тематики или просто опасными для детской психики, от вредоносных программ и интернет-атак.

Так как дети по своей наивности, открытости и неопытности, не способны распознать опасность, а любознательность детей делает их крайне уязвимыми в интернет-пространстве, об их ющие у детей конфиденциальную информацию о родителях и уровне материальной обеспеченности семьи, а также ставящие ребенка в материальную и иную зависимость.

4. Кибербуллеры унижают и «травят детей». Кибербуллинг набирает обороты как со стороны злоумышленников, так и среди подростковых социальных групп.

Среди детей приобрели моду суицид и игры со смертью, селфхарм (самоповреждение), анорексия, экстремальные селфи, а также различные радикальные движения: против родителей и семьи, школ и педагогов, и прочее.

Более половины детей сталкивается с интернет-угрозами, не ставя в известность родителей, в ряде случаев, боясь их, в ряде случаев, не доверяя.

Как правило, родители не уделяют большого значения интернет-безопасности и интернет-воспитанию детей.

В интерактивном мире дети могут быть так же беззащитны, как и в реальном. Поэтому важно сделать все возможное, чтобы защитить их.

и общения. Желательно договориться, что новые игры и программы будут устанавливаться совместно с родителями.

3. Ввести ограничения по использованию гаджетов.

4. Убедить, что общение с незнакомыми людьми в интернете опасно. И это должно восприниматься так же, как и запрет общения с незнакомыми на улице!

5. Привить культуру поведения в IT-пространстве, постоянно осуществляя интернет-воспитание ребенка.

6. Надлежащим образом настроить компьютерную технику ребенка. Использовать контент-фильтры, затрудняющие посещение определенных видов ресурсов на уровне оператора связи и на уровне операционной системы. Контент-фильтрация не всегда эффективна, в частности, из-за того, что не ко всем сайтам закрыт доступ, а соцсети, онлайн-игры, переписка и иная активность ребенка остаются в стороне!

7. Контролировать деятельность ребенка с компьютером и гаджетами, в частности, при помощи средств родительского контроля. При этом, ребенку нужно объяснить, что Вы это делаете для того, чтобы предотвратить опасность, и что на это имеете полное право. Знайте, что дети способны удалять историю переписки и посещения сайтов, существует множество средств родительского контроля, которые необходимо использовать для того, чтобы обезопасить своего ребенка.



безопасности, в первую очередь, должны беспокоиться родители.

**ОПАСНОСТЬ В ИНТЕРНЕТ-ПРОСТРАНСТВЕ МОЖНО РАЗДЕЛИТЬ НА ТРИ ВИДА:**

1. Доступная для детей негативная информация.
2. Противоправные и социально-опасные действия самого ребенка.
3. Целенаправленные действия третьих лиц в отношении ребенка.

Наиболее опасные в сервисах интернет-общения:

1. Педофилы, для которых дети становятся объектами развратных действий и преступлений против половой неприкосновенности.
2. Сектанты, навязывающие нетрадиционные, асоциальные отношения и ценности.
3. Интернет-аферисты (мошенники, онлайн-игроки и пр.), прививающие детям склонность к азартным играм, выманива-

**РЕКОМЕНДАЦИИ РОДИТЕЛЯМ:**

1. Расположить ребенка к доверительному диалогу по вопросам интернет-безопасности. Объяснить, что Интернет является не только надежным источником информации, но и опасным собеседником, а доверять следует родителям, педагогам и лучшим друзьям.

2. Установить с ребенком «правила» работы с компьютером и гаджетами, временные ограничения, определить ресурсы, которые можно и нужно посещать. Объяснить, что Интернет, в первую очередь, является средством развития и обучения, и только второстепенно — развлечений

**НЕСКОЛЬКО СОВЕТОВ ПО ОБЕСПЕЧЕНИЮ ИНТЕРНЕТ - БЕЗОПАСНОСТИ:**

Расскажите своим детям о потенциальных угрозах, с которыми они могут столкнуться в интернете.

Если возможно, поставьте компьютер в общей комнате.

Постарайтесь проводить время за компьютером всей семьей.

Попросите детей рассказывать обо всем, что вызывает у них неприятные чувства или дискомфорт при посещении интернета.

Ограничьте материалы, доступные детям через компьютер.

Вам помогут сделать это антивирусные программы и сами браузеры.

Так,например, Internet Explorer включает компонент Content Advisor, Kaspersky Internet Security компонент «Родительский контроль».

Если детям разрешено использовать программы мгновенного обмена сообщениями или посещать интернет-чаты, расскажите им об опасностях общения или отправки сообщений людям, которых они не знают и которым не доверяют.

Установите надежную антивирусную программу, способную защитить компьютер от вредоносных программ и хакерских атак. Многие продукты для обеспечения безопасности в интернете сочетают в себе возможности антивирусной защиты и расширенные функции родительского контроля, которые помогают защитить детей, когда те находятся в интернете.

Контроль переписки через социальные сети с помощью функции «Родительский контроль» позволяет:

· сформировать списки контактов, переписка с которыми будет разрешена или запрещена.

· задать ключевые слова, наличие которых будет проверяться в сообщениях.

· указать личную информацию, пересылка которой будет запрещена.

Если переписка с контактом запрещена, то все сообщения, адресованные этому контакту или полученные от него, будут блокироваться. Информация о заблокированных сообщениях, а также о наличии ключевых слов в сообщениях выводится в отчет. Для каждой учетной записи пользователя компьютера можно посмотреть краткую статистику переписки через социальные сети, а также подробный отчет о событиях.

**ПОМНИТЕ! САМОЕ ДОРОГОЕ, ЧТО ЕСТЬ В НАШЕЙ ЖИЗНИ – ЭТО НАШИ ДЕТИ!**

**Ответственный секретарь КДНиЗП при АМР «Ботлихский район» Х.М. Якубова**

# «Алхар» хIорил рагIалда тIобитIана слет






Гьал къоязда нилъер районалда "Алхар" хIорил рагIалда тIобитIана лъай кьеялъул хIалтIухъабазул Республикаялъулаб туризмалъулгун краеведениялъул XVI слет. Исанасеб лъай кьеялъулаб Соналъул хIурматалда, "Алхар" хIухьбахъиялъул базаялда тIобитIараб гьеб слеталъул хIалтIи халат бахъана лъабго къоялъ. Республикаялъул шагьараздасагун районаздаса, кинабниги 14 командаялъ гIахьаллъи гьабуна гьеб слеталда. Гьалбадерие дандчIвай гьабизеги, слеталъул хIалтIи хIурматияб ахIвал-хIалалда рагьизеги гьениве вачIун вукIана районалъул бетIер Руслан ХIамзатовги.

-ГьитIинаб къоялдасаго магIаруласул чорхолъ бессараб буго гьобол вокьиги, тIадегIанаб даражаялда гьев къабул гьавиги. Жакъа нижги кутакалдаса рохарал руго кьун саламгун, нуж, хIурматиял гьалбал, нижерго ракьалда гьоболлъухъ къабул гьаризе рес щвеялдаса. Аслияб къагIидаялда, жакъа гьанир дандельун руго жидер гIумру гIунбачIунеб гIелалъе тарбия-лъай кьеялда хурхине гьабурал гIадамал. Гьел руго нилъер цIияб гIел лъикIаблъун, мустахIикъаблъун, адаб-хIурматги гIадлу-низамги бугеблъун лъугьиналъе жидерго чорхол къуватги, сахлъиги, гIакълу-лъайги барахщичIого кьурал гIадамал.

Дагъистаналде рачIарал туристал нилъер гIаданлъиялдасаги, гьалбадеридехун бугеб лъикIаб бербалагьиялдасаги разиго тIадруссиналъульги цIикIкIарасеб буго педагогикиял хIалтIухъабазул жидерго ишалдехун бугеб жавабчилъиялъул хIасиллъун.

Киналъухъго баркала буго нужее. Гьединго баркала загьир гьабизе бокьун буго гьаб иргадулаб слет нижер ракьалда, гьаб берцинаб ва машгьураб "Алхар" хIорил



рагIалда тIобитIизе хIукму гьабуразеги. Гьелъулъ кIвараб хIаракат бахъана дицагоги. Слет тIобитIиялъе гIуцIцIалилаб хIалтIи гьабурал киназеги баркала.

Божарав вуго слеталдаса хадуб, рекIелъ лъикIаб асаргун нужерго районазде нуж тIадруссине рукIиналда.

Гьелдаса хадуб, районалъул нухмалъулесеги, слет тIобитIиялъе кумек-квербакъаразеги, киналго гIахьалчагIазеги баркала кьуна РДялъул гIелмабазул Малая академиялъул директор Дибировалъ, профсоюзалъул вакил МухIамад Дадаевас ва слеталъул штабалъул начальникас.

Районалъул ва идарабазул нухмалъулезе кьуна Баркалаялъулал кагъталги.

Слеталъул байрахъ борхизе изну кьуна XV слеталда бергьенлъи босараб Ленинкенталъул командаялъе. Байрахъ борхун хадуб МухIамад Дадаевас слет рагIинабуна рагьараблъун. Гьелдаса хадуб Руслан ХIамзатовас ва гьалбадерица лъай-хъвай гьабуна слеталъул гIахьалчагIазул хIадурлъиялъул. Киназего лъикIаб асар гьабуна кванил батIи-батIияб тIагIамалъ берцин гьабураб, бечедаб гIандадерил столалъ. Гьалбадерил ракIгьезабуна районалъул культураялъул управлениялъул хIалтIухъабаз ахIарал кучIдуз ва кьурдул номераз. Цебе буго слеталъул аслияб хIалтIи-кьецал.

ЛъачIого ун батана слеталъул лъабго къо.

Нахъа хутIана хIалуцарал кьецалги, батIи-батIиял хIаялгун конкурсалги. ХIасилал гьарулеб щвана заман.

ТIоцебесеб бакI кку-на МахIачхъалаялъул №35 (п.Ленинкент) гимназиялъул командаялъ. Гьизилюрт шагьаралъул командаялъе щвана кIиабилеб бакI. Лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Болъихъ районалъул ва Буйнакск шагьаралъул командаби. Гьел командабазе кьуна бакIалда рекъарал шапакъатал ва кубокал. Слеталда гIахьаллъараб цониги команда гьоркьоб хутIичIо сайгъат щвечIеб.

Гьединго гьеб тадбиралъул гIемерал гIахьалчагIазе сайгъат гьабун кьуна машгьурал балъхъадерил пирогалги, гIандадерил буртабигун вехьасул тIагьралги, "Дары Ботлиха" соказул наборалги.

Районалъул бетIерасул тIоцевесев заместитель АхIмад Лабазановас киналго командабазе, гьезул тренеразе, педагогазе, слет тIобитIиялъе квербакъаразе, лъикIаб тартибалда, гIадлу-низамгун гьеб иналъе гIуцIцIалилаб хIалтIи гьабуразе, ГIанди росдал администрациялъе ва гIолохъабазе, тIаде рачIарал киналго гьалбадерие кIудияб баркала кьуна тадбиралъуль гIахьаллъи гьабуралъухъ. Слеталъул кинабго программа тIубан рагIалде бахъун хадуб Республикаялъулаб туризмалъулгун-краеведениялъул XVI слет къараблъун рагIинабуна. Гьениб бергьараб командаялъ гIахьаллъи гьабизе буго лъай кьеялъул хIалтIухъабазул ТIолгороссиялъулаб слеталда.





ГЪУДУЛЛЪИ
Дружба

Газета гIуцIарал:
«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

Учредители:
Администрация МР «Ботлихский район»

Директорасул ишал тIуралев
А. Агъларов
Мухбирзаби:
ГI. МухIамадова
П. Дибирова
П. Камилова
М. МухIамадова
ХI. ХIасанхIажиев
Фотокорреспондентал:
К. Камилов
Ш. МуртазагIалиев
Корректор
П.МухIамадова
Наборщица
П. Эльдарова
Дизайнер
С. Камилова

*Индекс: 368970*
*Адрес:*
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103
*Телефон:*
*Директорасул 8928 680 50 42*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61*
*Тираж -800 Индекс-51349*

*Заказ № _____*

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
от 31 мая 2017 года.
ПИ № ТУ 05 - 00381

Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

# «Комендантский час» для подростков: где нельзя гулять после десяти?

Известно, что большая часть правонарушений совершается в ночное время, и чтобы обеспечить безопасность подрастающего поколения, в 2009 году Федеральным законом N 124-ФЗ «Об основных гарантиях прав ребенка в Российской Федерации» на всей территории России был введен так называемый «комендантский час». Например, Закон Республики Дагестан от 18 ноября 2009 г. №69 «О внесении изменений в Закон Республики Дагестан «О защите прав ребенка в Республике Дагестан». И хотя закон был принят довольно давно, не все




родители понимают, что же такое комендантский час для подростков. Начинаются летние каникулы, и многие дети будут допоздна гулять на улице. Что же должны знать про комендантский час родители, чтобы задержание ребенка и звонок из полиции не стали для них неприятным сюрпризом?

## «Недетское» время

Комендантский час – это ограничения по нахождению детей без сопровождения родителей в определенное время. Ребенком, то есть несовершеннолетним, у нас признается лицо, не достигшее восемнадцатилетнего возраста. Одним из основных законов, регулирующих правоотношения с участием несовершеннолетних, наравне с Гражданским кодексом и Семейным кодексом, является Федеральный закон от 24.07.1998 № 124-ФЗ «Об основных гарантиях прав ребенка в Российской Федерации». Согласно ему, ночным временем признается период с 22 (летом в некоторых регионах – с 23-х, а для детей младше 14 лет в любое время года - с 21) до 6 часов.

В это время ребенок не может без сопровождения родителей или опекунов гулять на улице, а также присутствовать в тех местах, нахождение в которых может негативно сказаться на здоровье и психическом состоянии ребенка, физическом, интеллектуальном, духовном и нравственном развитии. Как правило, это заброшенные здания, здания с выходом на крышу, чердаки и подвалы, различные питейные заведения, клубы, букмейкерские конторы, магазины, реализующие товары сексуального характера, и прочие места, не предназначенные для детей. Перечень этих мест может быть расширен региональными властями и отличаться от региона к региону. Кроме того, региональные власти могут сокращать время «комендантского часа» и вводить свои возрастные ограничения, в соответствии с учетом культурных и иных местных традиций.

Важно отметить, что сопровождать ребенка во время комендантского часа могут только родители и опекуны, а не любой взрослый, и это правило едино на всей территории РФ. Например, если несовершеннолетний будет гулять вместе со своими совершеннолетними друзьями или с какими-либо близкими родственниками, даже с братом или сестрой, то это все равно будет считаться нарушением закона, так как в соответствии с Семейным кодексом (статьи 63 и 64) только родители или опекуны несут всю полноту ответственности за своих несовершеннолетних детей.

В целях предупреждения причинения вреда здоровью детей, их физическому, интеллектуальному, психическому, духовному и нравственному развитию детей на территории Республики Дагестан не допускается нахождение детей (лиц, не достигших возраста 18 лет);

На объектах (на территориях, в помещениях) юридических лиц или граждан, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, предназначенных для реализации товаров только сексуального характера, в пивных ресторанах, винных и пивных барах, рюмочных, в других местах, которые предназначены для реализации только алкогольной продукции, пива и напитков, изготавливаемых на его основе, и в иных местах, нахождение в которых может причинить вред здоровью детей, их физическому, интеллектуальному, психическому, духовному и нравственному развитию;

В ночное время в общественных местах, в том числе на улицах, стадионах, в парках, скверах, транспортных средствах общего пользования, на объектах (на территориях, в помещениях юридических лиц или граждан, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, предназначенных для обеспечения доступа к сети Интернет, а также для реализации услуг в сфере торговли и общественного питания (организациях или пунктах) для развлечений, досуга, где в установленном законом порядке предусмотрена розничная продажа алкогольной продукции, пива и напитков, изготавливаемых на его основе, и в иных общественных местах без сопровождения родителей (лиц, их заменяющих) или лиц, осуществляющих мероприятия с участием детей.

«Комендантский час» действует и в праздники, включая Новый год и выпускные вечера. После 22-23 часов компания подростков может выйти на улицу и запустить салют, но только в сопровождении кого-то, кто несет за них ответственность – учителей, воспитателей, родителей.

А если, например, 17-летняя девушка встречается с 18-летним парнем? Может ли она гулять с ним после 22 часов, если родители это разрешают? Нет, это запрещено. Некоторые родители думают, что могут оформить доверенность на совершеннолетнего или дать свое официальное согласие, однако закон таких действий не предусматривает.

## Наказание нарушителям

Чем же чревато нарушение «комендантского часа»? Ребенка может задержать полиция или сотрудники комитета по делам несовершеннолетних. Если при этом он не совершил никакого правонарушения, то, скорей всего, будет доставлен домой и передан родителям, после чего на родителей будет наложен штраф (его размеры в разных регионах РФ разные). Если данный инцидент произошел впервые, то законные представители могут получить лишь предупреждение, однако они должны будут дать объяснение, почему и, главное, по чьей вине ребенок оказался в запрещенном для него месте.

Задерживать детей и подростков только за нарушение «комендантского часа» нельзя. Исключение составляют случаи, когда несовершеннолетний отказывается называть свое имя и адрес проживания и не имеет при себе документов. В такой ситуации он может быть доставлен в отделение для установления личности.

Если же ребенок совершил какое-то мелкое правонарушение, то задержать его могут не более, чем на три часа. За это время устанавливается его личность, составляется протокол задержания, после чего приглашают родителей, и ребенок передается им с рук на руки под расписку. При этом, чтобы не травмировать психику ребенка, его запрещено содержать вместе со взрослыми правонарушителями. Материалы о правонарушении направляются в территориальную комиссию по делам несовершеннолетних для принятия мер.

**Информацию подготовил: Старший инспектор по делам несовершеннолетних ОУУП и ПДН ОМВД России по Ботлихскому району майор полиции А. Сайгидинов.**